



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RURAL SOURCING, INC. PRAL TABLI LOKAL NAN BUFFALO, KREYE 150 NOUVO DJÒB

Anboch la ap kòmanse imedyatman pou Sant Devlopman Lojisyèl la

Se aplikan lokal yo k ap konble pòs yo epi l ap peye 80,000 dola an mwayèn ak efò rekritman nan kominote refijye vil la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Rural Sourcing, Inc. - yon lidè nan enjenyeri dijital lokal - ap tabli yon sant devlopman lojisyèl nan anba lavil Buffalo, k ap kreye 150 nouvo djòb. Se aplikan lokal yo k ap konble pòs yo, ak yon efò rekritman nan kominote refijye vil la, epi k ap peye yon salè mwayen 80,000 dola. Rural Sourcing ap sitiye tanporèman okòmansman nan yon kote yo pral detèmine, ak plan pou kontinye chèche espas biwo pèmanan 15,000 pye kare.

"Nou akeyi Rural Sourcing nan ekonomi inovasyon k ap grandi Buffalo a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Konpayi an ap kreye bon kalite djòb ak koridò nouvel teknoloji atravè peyi a epi nou fyè ke li te ajoute Buffalo kòm nouvo lokalizasyon li pou bay solisyon teknoloji ak resous. Nan mitan gwo sik kwasans konpayi an, Buffalo ofri yon ekosistèm enfòmasyon enpresyonan, avantaj mendèv ak edikasyon siperyè, ansanm ak depans operasyon ki ba ak bon kalite benefis pou viv."

Monty Hamilton, PDG Rural Sourcing te deklare, "Buffalo se yon gran vil ki gen yon istwa rich. Li enpòtan pou nou pou lokalize zòn ki gen bon kalite lavi kote nou ka rekrite meyè talan nan rejyon an. Konsantrasyon ak investisman nan edikasyon STEM nan nivo edikasyon elemantè ak segondè, ansanm ak investisman jeneral eta a nan talan devlopman lojisyèl, fè li yon bon kote pou nou. Demann pou modèl livrezon 'Scrum antanke yon Sèvis' nou an kontinye ap ogmante pami kliyan Fortune 500 ansanm ak pou konpayi platfòm dijital k ap bouje rapid yo. Plan nou se pou kreye epi konble 150 djòb enjenyeri lojisyèl nan Buffalo pou ede reponn ak bezwen mache solid sa."

Rural Sourcing angaje nan misyon li pou kreye karyè teknoloji bon kalite nan tout Amerik Santral la epi fè yon enpak nan kominote kote l ap opere yo. Li te afiche kwasans doub chif an 2020 an, fè kontra pwojè devlopman lojisyèl sou-trete ke yo konstui, deplwaye, epi optimize aplikasyon anliy ki enpòtan pou yo. Konpayi an ap dirije aktyèlman uit sit atravè Etazini epi li t ap chèchje ekspansyon nan lòt mache pou

reyalize obligasyon komèsyal aktyèl li epi kapte opòtinite mache kwasans adisyonèl. Aplike nan Buffalo [isit la](#).

Depi li te fonde 13 lane de sa, Rural Sourcing te rete fidèl ak misyon li pou pote djòb teknoloji nan pati nan peyi a kote pa t ap gen opòtinite otreman. Modèl sa pwouve reyisit li lè li bay solisyon bon jan kolaborasyon ki gen risk ki ba pou kliyan yo, pandan l ap livre kalite ak responsablite ki nesèsè nan mond dijital dinamik jodi a.

Empire State Development (ESD) ap bay RSI jiska 3.4 milyon dola nan Kredi Taks Excelsior an echanj 150 djòp k ap kreye yo.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development lan, Kevin Younis te deklare, "Nan ekonomi dijital jodi a, Rural Outsourcing se yon lidè k ap chèche monte anprent nasyonal ak òf sèvis dijital li nan pi gran echèl. Nou fyè ke Rural Outsourcing chwazi Buffalo, ak mendèv divèsifye epi talansye li a, kòm nouvo sant teknoloji li."

Majistra Byron W. Brown te deklare, "Chwa Rural Sourcing de Vil Buffalo pou nouvo sant devlopman lojisyèl li se lòt prèv ekonomi teknoloji Buffalo a ap grandi. Plan konpayi an pou mete rasin li isit la nan Buffalo epi anboche 150 rezidan lokal, ak aksan sou kominote imigran ak refijye nou yo pou djòb ki ekstrèman byen peye sa yo, se nouvèl fantastik. Mwen kontan ke sant tanporè Rural Sourcing lan ap sitiye nan anba lavil Buffalo epi mwen swete konpayi an ap jwenn yon kay pèmanan nan anba lavil nou an. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Empire State Development, ak Invest Buffalo Niagara pou wòl yo nan mennen Rural Sourcing nan Buffalo."

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, "Repitasyon Konte Erie kòm yon sit ekselan pou devlope biznis ou kontinye ap atire konpayi, tankou Rural Sourcing, k ap chèche devlope operasyon yo pandan y ap pwofite de mendèv klas mondyal ak atmosfè biznis siperyè nou an. Envestisman sa pote 150 nouvo djòb lojisyèl epi montre ke Buffalo ak Konte Erie se pretandan ki serye nan sektè teknoloji a."

Direktè Egzekitif ak PDG Invest Buffalo Niagara President, Tom Kucharski te deklare, "Konpayi teknoloji yo se fondman prezan epi espesyalman fiti ekonomi rejyonal ki reyisi yo. Dezi Rural Sourcing - meyè talan teknoloji, resous sipò, yon mendèv ki divèsifye epi enklizif, yon popilasyon pwofesyonèl jèn k ap grandi, yon sèn kreyatif aktif, eksplwatasyon ki abòdab, ak plis toujou - pafètman sou menm liy ak sa Buffalo genyen pou ofri. Nou te kontan anpil pou prezante dosye biznis Buffalo a, ede Rural Sourcing atravè pwosesis ekspansyon an, epi jodi a akeyi yo nan kominote nou an."

Enfòmasyon sou Rural Sourcing

Rural Sourcing (RSI), ke Bain Capital Double Impact apiye, se founisè prensipal enjenyeri dijital soutrete pou konstui, deplwaye ak sipòte aplikasyon dijital, pwodui ak eksperyans. Modèl livrezon inik RSI a 100 pousan baze Etazini, ki bay aksè teknolojik ak talan ki pa eksplwate epi ki pa eksplwate ase nan vil nan Sant Amerik la. Lè li bay

yon altènatif ak soutretans aletranje, RSI elimine obstak fizo orè, distans, lang, ak risk jeopolitik yo. Scrum-as-a-Service®, kad angajman inik RSI pou devlopman lojisyèl Agile, bay deplwaman ekip plizyè disiplin rapid epi fleksib atravè yon modèl konsomasyon elastik ak pri pa mwa ki previzib. Konpayi an bay solisyon klas mondyal pou kliyan ki santre sou teknoloji ak Fortune 1000 atravè divès sektè ki enkli Syans Lavi ak Sante, Wot Teknoloji, Lojistik ak Transpò, ak Sèvis Finansye.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)